


# teach more love more

Every single moment you spend with your child counts. So sing and read to your children, hug them, give them routines, respond to their signals, take them to a doctor regularly and choose your child care wisely. That's how children grow, learn, love and succeed.

Telephone 305-631-8111 pou ou pran pi s enfòmasyon [www.bayopliskonesansrenmenyoplm.org](http://www.bayopliskonesansrenmenyoplm.org)



## Pwoteje timoun yo lè n ap kondui

Se aksidan machin ki pi touye timoun ki nan laj 1 a 14 an. Youn nan fason nou ka diminye danje sa a se lè nou ankouraje moun pran prekosyon ak timoun nan jan yo ranje chèz timoun yo nan machin yo. Pi bon kote pou youn timoun chita nan yon machin pou l an sekirite, se sou chèz deyè a. Yon tibebe dwe chita devan deyè, nan chèz pou tibebe chita nan machin nan, lè l ap vwayaje nan yon machin. Fò tibebe a chita dwat epi fò li gen senti sekirite li pase sou de bò zepòl li epi nan mitan janm li jiskake li peze 40 liv.

Kowalisyon pou pwoteje timoun nan Miami ki nan Lopital Jackson "The Injury-Free Coalition of Miami at the University of Miami/Jackson Memorial Medical Center" ak Depatman polis Otowout yo " Florida Highway Patrol" òganize seyans fòmasyon pou paran pou montre yo kouman yo dwe ranje chèz pou tibebe nan machin, chak 2 semenn. Gen teknisyen ki travay nan domèn sa ki vin montre paran yo kouman pou yo chwazi yon bon kalite chèz pou pote tibebe nan machin epi kouman pou yo enstale chèz sa a nan machin nan. Pwogram nan bay paran yo rabè pou yo achte chèz pou tibebe chita nan machin yo.

Si w bezwen plis ransèyman sou seyans fòmasyon pou moun aprann enstale chèz pou tibebe nan machin yo oubyen si w bezwen konnen kouman pou w pwoteje pitit ou lè l nan machin, telefòn 243-3928 oubyen voye imel nan adrès sa a: [gstepanian@um-jmh.org](mailto:gstepanian@um-jmh.org).

Modesto Abety  
Prezidan ak Egzekitif anchaj  
Òganizasyon "The Children's Trust"

## Kesyon fè zanmi/Twazyèm pati: Aprann rezoud pwoblèm sosyal



Men moun ki ekri atik sa a: "Diane Goldman" pou fondasyon " Peace Education Foundation

Timoun ki aprann kouman pou yo fè zanmi ak kouman pou yo kontinye rete zanmi ak zanmi yo, ka pi vit travay byen lekòl. Kapasite yon timoun pou l fè zanmi epi pou l ret zanmi ak zanmi l yo se yon bagay ki enpòtan pou bon devlopman sosyal yon timoun.

Youn nan fason enpòtan ou ka ede pitit gen bon jan relasyon ak zanmi l yo se lè ou montre l kouman pou l rezoud pwoblèm li genyen ak lòt timoun. Tout timoun fè ti akwochay ak zanmi yo tanzantan. Lè ou bay pitit ou tout ladrès ki nesese pou l rezoud pwoblèm li yo yon fason ki pozitif se lesou k ap itil li pou lavi.

Men kèk fason ou kab ede pitit ou genyen ki tou piti aprann kouman pou yo antann yo ak zanmi yo ak kouman pou yo aprann ladrès ki pou pèmèt yo rezoud mezantant yo genyen antre yo:

- Premyèman, al **dekri sityasyon an pou yo**. " Jose vle bati yon estasyon tren, epi Jesse vle bati yon chato. Nou chak vle jwe yon jwèt diferan."
- Apre sa, mande yo chak. " Ki jan nou tou de ka rezoud pwoblèm sa a?"
- **Repete chak repons yo pou yo**. " Jesse di, kòm ou te deja bati yon estasyon tren yè, li lè pou nou bati yon chato." "Jose pa renmen bati chato."
- **Ankouraje yo fè konvèsasyon antre yo**. "Nou tou de gen ide sou sa nou vle fè. Ki ide k ap ede nou jwe ansanm?"
- Si timoun yo pa ka jwenn yon solisyon antre yo, **prezante yo kèk chwa ki rezonab**. " Nou tou de abitye al nan zou, se pa sa. Èske sa pa ta enterese nou pou nou bati yon Zou ansanm?" Oubyen, "Èske chato a pa ta ka gen yon estasyon tren anndan li?"

■ Lè yo resi pran yon desizyon, **ankouraje efò yo**. " Nou tou de rive pran yon desizyon sou ki jwèt nou pral fè paske nou diskite sa antre nou. Nou deside bati yon zou."

Kontinye antrene ladrès sa yo epi pran pasyans. Sa pran tan pou timoun aprann rezoud mezantant yo.

Jan ou ede yo a ankouraje yo kowopere antre yo, sa ede yo rezoud pwoblèm yo genyen antre yo epi sa ede yo gen respè youn pou lòt. W ap bay pitit ou ladrès k ap ede li antann li ak lòt timoun epi sa ap ede yo kontinye amitye yo youn pou lòt.

## Men sa ki nan ti journal sa a

KidCare .....	2
Elve timoun ki gen rekonesans .....	2
Planifye manje pou paran ki okipe .....	2
Kouman nou ka elve timoun ki panse a responsablite yo kòm sitwayen .....	3
Liv ki fèt ak vizaj fanmi an .....	4
Tout moun abò pou n amize n an fanmi! .....	4



**Se pou nou asire nou tout timoun nan Miami-Dade County jwenn atansyon kominote a, pou yo jwenn angajman ak resous kominote a, – kon sa, yo kapab devlope kapasite yo onivo entèlektyèl, emosyonèl, sosyal, fizik. Sa ap pèmèt yo pare pou y aprann, sa ap pèmèt yo anvè aprann letan pou yo kòmanse al lekòl.**

Si ou gen kèk kesyon sou jan pou w elve pitit ou oubyen travay ou kòm paran, rele Òganizasyon Teach More/ Love More nan 305-631-8111. W ap jwenn moun pou ba wou enfòmasyon 24 sou 24 ann Angle, an Panyòl epi an Kreyòl.

Si ou ta renmen resevwa ti journal sa a an kreyòl, rele (305) 631-8111.



## KidCare: Asirans sante ki a ba pri pou timoun

Men ki moun ki ekri atik sa a: Sara Connolly, MD, Michelle Floyd, MD, ak Thresia Gambon, MD, MBA, FAAP, ki nan lekòl Medsin nan Inivèsite Miami.



Yon timoun sou chak 5 timoun ki nan Miami-Dade County pa gen asirans sante. Sa fè plis pase 120,000 sou 8 milyon timoun ki pa gen asirans atravè tout peyi a. Lè timoun sa yo malad, paran yo toujou nan lit pou ta jwenn swen medikal pou yo. Yo gen dwa oblije itilize sèvis ijans ki koute byen chè, yo peye lajan kach nan klinik yo oswa yo pa mennen pitit ou a kay doktè.

Anpil fanmi pa gen lajan pou yo peye asirans sante prive yo. Erezman, nan Florida, gen de twa mwayen pou fanmi yo ka jwenn asirans sante ki a ba pri pou timoun yo. Gouvènman federal la kreye pwogram pou ede timoun ki pa gen asirans sante.

Nan Florida, pwogram pou asirans ki a ba pri sa yo rele "KidCare." Ladann nou jwenn Medicaid, Medikids, Healthy Kids ak Children's Medical Services. Sèt timoun sou chak 10 timoun nan Florida ki pa gen asirans

sante kalifye pou youn nan pwogram sa yo. Gen anpil fanmi ki pa konnen si yo kalifye pou KidCare epi yo pa fè aplikasyon pou li.

Si pitit ou pa gen asirans sante, suiv chemen sa a ki gen twa etap tou senp ladan:

### 1) Aplike pou Medicaid jodi a menm.

Pou kab konnen si pitit ou kalifye pou Medicaid oswa lòt pwogram asirans KidCare, rele nan 1-888-540-5437, vizite [www.floridakidcare.org](http://www.floridakidcare.org) oswa kontakte Depatman Timoun ak Fanmi.

### 2) Si pitit ou a pa kalifye pou Medicaid,

aplike pou youn lòt pwogram asirans ki pa koute chè: HealthyKids ak MediKids. Moman yo di, se vre. Timoun ki kalifye pou HealthyKids ak MediKids kapab antre nan pwogram nan pou youn peryòd yon mwa. Pwochen peryòd la ta dwe kòmanse an Janvye. Si w panse pitit ou a kapab kalifye, pa poste aplikasyon final ou a anvan mwa janvye.

### 3) Si pitit ou a pa kalifye pou KidCare oswa si lòt manm nan fanmi an manke asirans sante,

ou kab vizite youn nan divès klinik ki nan County a ki bay swen medikal a yon pri redui. Jackson Memorial Medical Center ap trete moun ki pa gen asirans sante. Rele nan 305-585-6000 pou pran randevou oswa vizite [www.um-jmh.org](http://www.um-jmh.org). Pou n ka jwenn klinik sante ki nan zòn pa w la, kontakte Human Services Coalition nan nimewo 305-576-5001 oswa vizite sit [www.hscdade.org](http://www.hscdade.org).

Tout timoun merite asirans sante epi pou yo ta jwenn swen medikal ak yon klinik kote pou l ta pran swen. Nou bezwen simay mesaj sa a epi pou n bay timoun nou yo "Don swen lasante", nan nenpòt ki fanmi nan Miami-Dade ak nan tout Eta a.

## Elve timoun ki gen rekonesans

Men moun ki ekri atik sa a: "Debbie Glasser, Ph.D., yon sikològ lisansye epi se li ki ekri atik "Positive Parenting," ki parèt chak semenn nan Miami Herald."

Nan sezon sa a kote youn ap di lòt mèsè pou sa youn fè pou lòt, anpil paran vle montre pitit yo kouman pou yo montre jan yo apresye sa lòt moun fè pou yo ak sa yo genyen. Sa se yon bagay ki enpòtan pou timoun aprann epi sa pran tan. Men kouman ou ka montre pitit ou ladrès sa yo:

■ Trase egzanp pou pitit ou. Lè youn moun fè w kado kichòy, di moun nan mèsè an prezans pitit ou. Espike pitit ou pou ki sa ou apresye sa lòt moun fè pou wou epi pou ki sa w ap voye ti nòt ba yo pou remèsye yo.

■ Ankouraje pitit ou ekri ti nòt pou l di moun ki fè kichòy pou li, mèsè. Menm si pitit ou poko rive nan laj pou l ekri yon lèt, li kapab fè desen mo "mèsè" a sou yon papye. Ede l kachte sa li ekri a nan yon anvlòp epi ede l mete tenm sou li.

■ Toujou montre kouman ou apresye lòt moun. Fè pitit ou sonje, se pa lè youn moun fè l youn kado sèlman pou l remèsye moun nan. Lè youn fanmi anbrase nou, lè youn anplwaye k ap travay nan yon magazen ede nou pote sa nou achte nan machin nou, nou dwe gen moun sa yo rekonesans. Lè youn moun kenbe yon pòt pou w ka pase, ou dwe di l "Mèsè". Si gen yon enfimye ki ede pitit ou anpil lè w mennen l kay doktè, fè l konnen kouman ou apresye sa.

■ Toujou fè ti konvèsasyon ak pitit ou. Mande l ki moun li ta renmen di mèsè pou sa yo fè pou li oubyen pou sa li genyen. Ou pa bezwen fatige w twòp si timoun nan ta di non yon jwèt tankou "Nitenndo". Ou gen dwa di li tou senpleman, "Pou ki lòt bagay ou gen rekonesans, apa de jwèt la? Èske ou pa gen anpil rekonesans lè frè ou jwe avè ou? Oubyen lè granmè ou

anbrase ou? Ou kapab santi ou gen rekonesans pou bèl bagay sa yo?

■ Ou pa oblije bay timoun nan tou sa li mande. Li difisil pou youn timoun aprann apresye kèk bagay lè bifèt li chaje ak tout kalite jwèt ak tout kalite rad. Bay timoun nan sa fanmi an kapab achte dapre bidjè fanmi an ak prensip fanmi an.

■ Toujou montre ou gen rekonesans. Pa bliye di pitit ou mèsè lè li kowopere ak lòt moun oubyen lè li ede youn lòt. "Mèsè poutèt ou ede m fè kabann nan. Mwen te byen bezwen èd ou."

■ Pale ak timoun nan de santiman rekonesans. Di pitit ou, "Mwen santi kè m kontan lè mwen di youn moun 'mèsè' ak lè youn moun di m 'mèsè!'"

■ Pa fòse youn timoun di mèsè. Si pitit ou refize di mèsè, oubyen li youn ti jan distrè, ou mèt di mèsè pou li epi w a pale avè l pita nan jounen an sou kouman sa enpòtan pou youn moun ki mèsè.

■ Pa atann ou a sa ki pa posib. Ankouraje pitit ou lè li fè pwogrè epi pran pasyans avè li.

Aprann di mèsè se youn bagay youn moun fè tout vi li ap aprann. Pitit ou ka aprann ak egzanp ou trase pou li ak jan ou ede li.



## Planifye manje pou paran ki okipe

Men moun ki prepare atik sa a: Clara St. Thomas MMSc, RD.

Paran ki okipe toujou ap chèche mwayen pou ekonomize tan. Manje tou pare ki anbalè se youn mwayen posib, men li kapab koute chè e kèk fwa se pa youn chwa ki toujou bon pou lasante. Ou kab prepare pwòp manje w byen fasil epi k ap pi bon pou sante w. Sekrè a, pou youn fanmi ki okipe, se pwofite chwa ki bon pou lasante a epi fè bon planifikasyon.

**Manje maten** se manje ki pi enpòtan nan jounen an. Fè youn ti dejene ki fèt ak lèt ki pa gra oswa yogout ak fri ki frèch oswa ki soti nan frijidè. Ou kab prepare sa a an gwo epi mete l nan frijidè pou kab pran nan kèk maten kote jounen w chaje. Kèk ba chokola pa mal men verifiye etikèt yo dabò. Gen kèk ba chokola ki chaje ak sik. Ou kab pran sereyal ki gen gwo gren.

**Manje midi:** Achte fri ak fè an gwo epi vlope yo pa ti pake, youn fason pou ti pitit ou kapab manje kèk ti moso pandan l sou wout li. Fè sandwich ak pen ki gen gren. Ou kab panse ak youn ti fwomaj ki pa gen twòp grès, ak kèk ti chips tou.

**Dine:** Toudepan de kantite moun ki nan fanmi an, ou kab kuit 2-3 bagay ki an gren, 2-3 bagay ki gen pwoteyin, ak 1-2 fèy ak legim pou semèn nan. Apre sa, mete manje a nan frijidè. Epi chofe sa nou bezwen pou n manje oframezi. Sa ba n yon kantite manje ki bay sante ki diferan. Li bon pou fanmi an, san n pa oblije pran twòp tan prepare youn bagay chak swa.

**Lòt ti konsèy pou paran:** Fè timoun ou yo travay tou. Si w wè se menm bagay l w ap prepare toutan toutan, chita ak timoun yo, feyete youn liv resèt epi planifye twa kalte bagay diferan pou youn semenn. Lè n planifye sa pou n prepare epi nou mete pòsyon manje pou n sèvi a davans, sa ede timoun yo konprann ki kantite manje ki apwopriye ak enpòtans pou moun manje divès kalte bagay. Youn ti planifikasyon nan preparasyon sa yo kapab mennen nou lwen sou wout lasante epi fè nou fè ekonomi lajan.

Si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan abitud manje pitit ou oubyen sa l bezwen pou l byen nourri, pale ak moun ki responsab swen sante pou li a.



MIAMI-DADE PUBLIC LIBRARY SYSTEM  
[www.mdpls.org](http://www.mdpls.org)

Ale nan bibliyotèk katye w la pou tcheke liv, aktivite ki genyen ak refleksyon ki pou ankouraje pitit ou nan lekti ak ekriti. Pou kab jwenn bibliyotèk ki tou pre w, rele nan nimewo 305-276-2665 oswa ale nan sit wèb sa a: [www.mdpls.org](http://www.mdpls.org)



The Children's Trust

#### MISYON NOU:

Amelyore lavi tout timoun ak fanmi yo k ap viv nan Miami-Dade County ak bon jan investisman nan lavi yo jodi ki kab ede yo demen.

# Wòl paran yo anvè timoun ki nan laj pou ale lekòl



## Kouman nou ka elve timoun ki panse a responsablite yo kòm sitwayen

Chak ane nan epòk eleksyon, gen anpil koze ki pale sou kesyon eleksyon. Anpil fwa yo kritike jèn pou poutèt yo pa enterese nan afè eleksyon oubyen nan sa k ap pase nan kominote yo. Men gen plizyè fason ou ka ankouraje timoun patisipe epi fè yo enterese nan afè vote lontan anvan yo vin gen laj legal pou yo vote. Òganizasyon "The Children's Trust" ap envesti nan pwogram ki ankouraje lidèchip lakay jèn timoun pou plis jèn ka enterese patisipe nan eleksyon. Mwa pase, Òganizasyon "The Trust" te patwone yon fèt pou jèn yo vin asiste deba yo. Òganizasyon an te patwone yon deba nan televizyon kote etidyan ki nan apeprè 12 lekòl nan Miami-Dade County te poze kandida k ap patisipe nan eleksyon majistra pou vil la yo kèk kesyon. Anvan etidyan yo te poze kesyon sa yo, yo te fè rechèch sou sijè yo pandan plizyè semenn.

John Moffi se pwofesè Istwa Ameriken nan lekòl Miami Lakes Educational Center, men sa li di "Mwen di etidyan mwen yo se moun ki fè istwa, se pa evenman ki fè istwa. Sa vle di lè yo patisipe nan deba politik tankou deba sa yo, sa ba yo fòs pou yo ka vin pi bon sitwayen epi sa montre yo kouman yo kapab fè bon jan chanjman."

" Nou panse aktivite sa yo bay jèn yo yon gwo opòtinite pou yo kòmanse patisipe bonè nan koze ki pral afekte lavi yo oubyen ki deja afekte lavi yo," sa se pawòl Modesot Abety, prezidan epi Egzekitif anchaj Òganizasyon "The Children's Trust." Pandan n ap enfòmè jèn yo sou jan pwosedi demokratik la mache, pwogram sa yo bon anpil pou ankouraje timoun ki jèn pou yo vin tounen moun ki byen reflechi epi ki byen enfòmè pou yo ka vote."

Men malgre tout efò Òganizasyon "The Children's Trust" ap fè yo, se paran ki gen pi gwo enfliyans sou timoun yo. Trase bon egzanz pou pitit ou se meyè fason pou montre timoun kouman pou yo grandi ak responsablite sivik.

#### Men kèk konsèy:

- Pale sou sa k ap pase nan kominote a ak pitit nou depi nan piti.
- Li liv pou pitit ou ki pale de moun ki rive fè kèk bon travay paske yo te deside pote patisipasyon yo.
- Li jounal ansanm epi mande pitit ou sa l panse sou atik ou li a.
- Ankouraje timoun nan pou li defann koze ki enterese l poukont li. Si gen kèk pwofesè oubyen kèk kondisip ki pa konprann sa timoun nan ap fè a, ede yo chèche kèk mwayen ki rezonab pou yo bay espikasyon ki klè sou sa yo vle fè a.
- Aprann pitit ou respekte opinyon lòt moun. Ede yo reyalize chak moun gen dwa gen opinyon pa yo, epi menm moun ki gen konviksyon ki pa menm kapab antann yo sou de prensip ki enpòtan.
- Montre pitit nou kouman sa bon pou yon moun defann sa ki bon ak kouman sa bon pou yon moun goumen pou chanje sa ki pa bon.
- Lè ou pral vote, ale ak pitit ou. Sa ap toujou ret nan memwa yo epi y ap pran afè vote a o serye pi devan.

- Lè jèn yo bay kout men nan aktivite kominotè yo kòm volontè, sa ka fè yo wè kouman yo enpòtan. Paregzanz, lè yo al ede moun ki te soufri apre yon siklon, sa fè yo santi yo itil. Menm si esperyans sa yo pa estwòdinè, sa fè yo reyalize yo kab fè pi gwo chanjman nan kominote yo lè yo vin pi gran.

Si pitit ou lekòl nan lekòl leta Miami-Dade County yo, kit se nan lekòl entèmedyè oubyen nan lekòl segondè, mande ransèyman sou pwogram kote timoun nan kab aprann pandan l aprann sèvis, yo rele li ann Angle "Service Learning program". "Service Learning" se yon pwogram ansèyman ak aprantisaj ki makònen patisipasyon nan travay kominotè ak etid akademik, nan plizyè sijè, pou fè elèv aprann nan pi bon kondisyon epi pou enstwi yo sou responsablite sivik yo.

Wendy Schaetzel Lesko travay nan "Youth Activism" Project nan Maryland, men sa li di " paran dwe vin gen yon pè zòrèy anplis. Lè w koute sa pitit ou di w ki enpòtan pou li ak ide li genyen epi lè ou ankouraje l pou l eseye reyalize lide li genyen, se kapab etap ki pi enpòtan nan elve timoun ki konprann responsablite sivik yo.



Telephone 305-571-5700 pou ou pran plis enfòmasyon: [www.thechildrenstrust.org](http://www.thechildrenstrust.org)

# Kwen Atis

## Liv ki fèt ak vizaj fanmi an

By the Family Learning Partnership

Mete ak pitit ou a ki nan preskolè e ki deja kapab envante kèk bagay pou w kreye yon liv ak vizaj fanmi an ladan. Asyèt an katon kapab rann pwòjè sa a fasil pou w kòmanse l epi rann li solid lè l fini. Pwojè sa a fè bon jan souvni oswa yon kado an fanmi.

**W ap bezwen:** • Asyèt an katon, gwo oswa piti • peforè • kreyon desen • makè • riban • sizo • fisèl • sèk pou mete nan fèy mobil ki gen twou (w ap jwenn li nan magazen k ap vann bagay pou biwo)

### Ki sa w dwe fè:

**1.** Mande pitit ou a pou l gade vizaj ou oswa pou l gade nan glas epi pou l pale de tout bagay li wè nan vizaj li. Ki sa l wè? Ankouraje l bay yon non pou tout bagay li wè nan vizaj li. Ki bò je l ye? Zòrèy li? Dan li?

**2.** Pran yon asyèt katon epi ankouraje timoun nan desine vizaj youn nan manm



fanmi an sou li. Ba l kreyon tout koulè, makè, ak retay riban.

**3.** Pa atann ou se yon bagay pafè ki pral fèt la. Pa gen pwoblèm ditou menm si je a pa ta plase kote pou l ta ye a oswa si bouch la ta parèt kwochi. Ankouraje efò timoun nan ap fè epi amize w.

**4.** Envite timoun nan pou l fè yon lòt asyèt ak yon lòt manm fanmi an. Apre plizyè jou, li gen dwa vin twò kontan pou l desine vizaj chak moun nan fanmi an sou yon asyèt.

**5.** Lè timoun nan fini, mande l si l ta renmen mete tout vizaj sa yo nan yon liv pou fanmi an. Ede l dekore po liv la ak yon lòt asyèt an katon. Ki tit li pwopoz pou liv la?

**6.** Sèvi ak peforè a pou fè yon tou nan bò chak asyèt. Mete asyèt yo kole ansanm ak sèk ou jwenn nan gwo katab yo.

**7.** Amize n ansanm ak liv nou, oswa bay yon moun li kòm kado espesyal.

### Ann koze – Lide pou n foye ansanm

- Ki koulè je w? Ki koulè je Manmi?
- Ki sa zòrèy nou pèmèt nou fè?
- Ki koulè cheve Papi? Ki sa nan vizaj nou ki vini pa pè?

### Useful information:

Aktivite sa a ede l devlope mis kò l, ladrès ki mache ansanm, ak teknik langaj. Toujou sipèvize timoun pitit yo lè y ap jwe ak materyèl desen oswa atizana.



## Tout moun abò pou n amize n an fanmi!



### www.teachmorelovemore.org

Li lè pou n sote abò pou n amize n an fanmi! Ale sou sit entènèt nou an: www.teachmorelovemore.org epi klike sou laj pitit ou a, pou w ka jwenn aktivite lafanmi tankou jwèt, espò, atizana, mizik, kizin ak lanati. W ap jwenn kèk konsèy sou fason pou leve timoun ki va ede w motive pitit ou depi l tou piti.

### Ki jan pou w itilize aktivite sa yo

Tout aktivite yo òganize dapre laj pitit ou. Aktivite sa yo ankouraje opòtinite ki genyen pou timoun fè dekouvèt, pou yo kominike nan fason ki va ogmante kapasite l pou l pale epi pou l li ak ekri epitou sa ankouraje bon jan rapò nan fanmi an.

Nan chak aktivite w ap jwenn:

**Yon entwodiksyon tou kout:** Ladann w ap jwenn yon deskripsyon ak yon egzanp de aktivite a.

**W ap bezwen:** Lis materyèl ki nesès pou aktivite a. Ou kab jwenn anpil nan materyèl sa yo lakay ou.

**Ki sa w gen pou fè:** Kèk prensip senp w ap suiv etap pa etap pou konplete aktivite a.

**Ann koze – Lide pou n foye ansanm:** Kesyon pou w poze pitit ou konsènan aktivite sa a. Sa ap ede timoun nan devlope langaj li ak vokabilè li.

**Liv ki apwopriye pou li ak pitit ou:** W ap jwenn liv ou kab achte sou entènèt pou yon pri redwi.

Se ou ki premye pwofesè pitit ou epi ou se pwofesè k pi enpòtan an. Premye esperyans li ak langaj ak koze li ak ekri, se lakay li l ap fè sa. Paran ki pran abitud pale ak pitit ou, li pou yo, se bon jan zouti y ap bay timoun nan pou pi devan pou l kab reyisi lekòl. Li pa janm twò bonè pou kòmanse ak liv ansanm ak teknik langaj avèk pitit ou.

## Patisipe Nan ti Jounal sa a...

### Voye:

foto, keksyon oubyen konsèy itil. Foto yo ap parèt nan chak piblikasyon. Foto sa yo reprezante lektè nou yo men yo pa pale de okenn estil ak sityasyon fanmi. • Keksyon yo, kèk espè lokal ap reponn yo. • Konsèy itil paran yo, n ap jwenn yo nan seksyon "Pi bon moman pou anseye" (Teachable Moments) lan.

### Voye lèt bay:

The Early Childhood Initiative Foundation  
3250 SW Third Ave.,  
Miami, Fla. 33129

Se òganizasyon sa yo ki bay sipò pou yo pibliye jounal sa a:

### The Early Childhood Initiative Foundation

(646-7229) Ak United Way Success by 6 (305-860-3000)

De òganizasyon sa yo travay ansanm ak Koalisyon pou Prepare timoun pou Lekòl (Miami-Dade School Readiness Coalition) nan Miami-Dade. Koalisyon an sipèvize pwogram entèvansyon pou timoun ki nan preskolè ak pwogram ki bay sibvansyon pou pran swen timoun ansanm ak anpil lòt aktivite nan Miami Dade County.


Se mesye Paula Bender ki pral dirije kowalisyon an (305-646-7225).

### Edite ti jounal sa a se:

Ana de Aguiar  
(305-646-7230)

### Moun ki nan komite

revizyon jounal sa a se:  
Dr. Debbie Glasser



3250 SW Third Ave.  
Miami, Fla. 33129

NON-PROFIT  
ORG.  
U.S. POSTAGE  
PAID  
MIAMI, FL  
PERMIT #5665

